# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–03 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि ससस्त्रबल खाली एगो रक्षा ढांचा नही हवे बलुक ई हमहन के राष्ट्र के सुरक्षा क एगो मजबूत नेइयो हवे। हमहन क बीर जवान अपने जान क परवाह न कइके देस क सेवा में लागल हवे येही नाते ऊ आम लोगिन के मन में राष्ट्र नायक के रूप में सम्मान पावत हवें। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में ससस्त्र सैन्य समारोह के संबोधित करत रहले। उहां के कहलीं कि भारत क सेना दुनिया क अद्वितीय सेना हवे जवन हमेसा अपने ताकति, अनुसासन अउर तकनीकि क्षमता क लोहा दुसमनन के सामने मनववले हवे सथहीं कठिन परिस्थितियों मे सकारात्मक भूमिका के साथे कार करत आपन उत्कृष्टतम प्रदसन अउर सहजोग दिहले हवे। उहां के बतवलीं कि लखनऊ में भारत डायनामिक्स लिमिटेड की ओर से दुई गो महत्वपूर्ण परियोजना के स्थपित कइले क कार्यवाही तेजी से आगे बढ़ि रहलि हवे। येह परियोजना से देस क सैन्य सक्ति मजबूत होई अउर राष्ट्रीय सुरक्षों के बल मिली।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मैनपुरी के बरनाहल में ए.के. इण्टर कॉलेज में आयोजित एगो कार्यक्रम में पौने चार सौ करोड़ रूपिया के परियोजना क सिलान्यास अउर लोकार्पण कइले। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि हमार सरकार रोजिगार मेला के जरिए प्रदेस के नवजवानन के रोजिगार उपलब्ध करा रहल हवें। आजु प्रदेस में केहू गुंडागर्दी नाही कई सकेला अउर महिला लोगिन पर अत्याचार कइले क केहू हिम्मत नाही देखा सकेला। श्री योगी प्रदेस में बीतल कुछु सालि में बढ़ल निवेस क चर्चा करत कहलें कि प्रदेस सरकार राज्य के निवेस क हब बनवले के दिसा में कार कइ रहलि हवे। निवेस बढ़ले से उत्तर प्रदेस आजु देस में दूसरे नंबर क अर्थ व्यवस्था बनि गइल हवे। येहके पहिला स्थान पर पहुंचावे बदे लगतारे कार चलि रहलि हवे। उहां के कहलीं कि आजु हमहन के धर्मस्थलन क वैभव लवटि रहलि हवे। तिउहारन क परंपरों सरकार संपूर्णता के साथे आगे बढ़ा रहलि हवे।

**********

उत्तर प्रदेस सरकार ड्यूटी से अनाधिकृत रूप से अनुपस्थित रहले अउर काम में लपरवाही कइले के आरोप में राज्य चिकित्सा सेवा के छब्बीस डॉक्टरन के बर्खास्त कइले क फैसिला कइले हउवे। सरकार कई गो चिकित्सा अधिकारियन के वेतन वृद्धियो रोकले क फैसिला लिहले हवे। उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक जवन कि राज्य क स्वास्थ्य मंत्रियो हउवें। उहां के कहलीं कि प्रदेस क सज्जो चिकित्साधिकारी पुरहर लगन से आम जनता के उच्च्य गुणवत्ता वाली चिकित्सा सेवा दे रहल हवें, बाकिर एहमें से कुछु चिकित्साधिकारी अइसनों हउवें, जवन अपने काम के प्रति लापरवाही करत हवें।

**********

उत्तर प्रदेस सरकार लइकन पर भेड़िया के हमला के आसंका वाले इलाकन में वन विभाग क अतिरिक्त करमचारी तैनात कइले हवे। भेड़िया के हमला वाले इलाकन में दस गो अउरियो टीमि तैनात कइल गइल हवे। राज्य क वन मंत्री अरूण सक्सेना आजु पीलीभीत अउर लखीमपुर खीरी में परभावित इलाकन क दौरा कइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एहके ले के एक दिन पहिलहीं विभागीय मंत्री अउर सम्बन्धित विभाग के अधिकारियन के साथे बइठकी कइले रहलें। बइठकी में उहां के मानव–वन्य जीव संघर्स के घटना के रोकले, स्थिति क निगरानी कइले अउर घटना के बढ़ले के कारण पर मंथन कइले क निरदेस दिहले रहलें।

**********

वृक्षारोपण अभियान एक पेड़ माँ के नाम के तहत अबले बावन करोड़ से जियादे पौधा लगावल जा चुकल हउवे। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में पर्यावरण, वन अउर जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेन्द्र यादव कहलें कि ई अभियान एगो अउरियो मील क पत्थर साबित भइल हवे। विस्व पर्यावरण दिवस के मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह अभियान क सुरूआत कइले रहलें।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद–यूपी बोर्ड के हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट परीक्षा दुइ हजार पचीस खातिर पंजीकरण क आखिरी तारीख पांच सितम्बर हउवे। येह तिथि ले छात्र–छात्रा लोगिन क सैक्षिक विवरण यूपी बोर्ड के वेबसाइट पर अपलोड कइल जा सकेला।

**********

आवे वाला बाइस सितम्बर के अजोध्या से स्वामी अविमुक्तेश्वरानन्द के अगुआई में ध्वज प्रतिष्ठा भारत यात्रा क सुरूआत होई। स्वामी जी क प्रतिनिधि अउर यात्रा क संयोजक मुकुन्दानन्द बतवलें कि छब्बीस अक्टूबर ले चले वाली ई यात्रा सम्पर्ण भारत के अलगि–अलगि राज्यन के राजधानी ले जाई। उहां के बतवलीं कि येह यात्रा क मुख्य उद्देस्य गो माता के राष्ट्र माता क दरजा दियावल हउवे।

**********

पेरिस में चलि रहल पैरालम्पिक खेलन में प्रदेस क आईएएस अधिकारी सुभाष एल यतिराज बैडमिंटन क एकल स्पर्धा में रजत पदक जितले हवें। उनके सफलता पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य बधाई अउर सुभकामना दिहले हवें।

**********

प्रदेस क करीब सज्जो पूरबी जिलन में आसमान में छिटपुट बादर लागल हवे अउर कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के बरखा हो रहल बाटे। बादर के बिच्चे से निकरि रहल घाम से कई जगहिनि पर उमस भरल गरमियों पड़ि रहल हवे। मौसम विभाग के मोताबिक गोरखपुर के सथहीं कई गो पूरबी जिलन में बादर छवले अउर रूकि–रूकि के बरखा भइले क क्रम चलत रही।

**********